



Consumer and Worker Protection

Pandan Semèn Pwoteksyon pou Konsomatè Nasyonal yo (National Consumer Protection Week), Depatman Pwoteksyon Konsomatè ak Travayè yo (Department of Consumer and Worker Protection, DCWP) ofri senk konsèy sa yo pou pwoteje idantite w ak lajan w pandan COVID-19 la. Magouyè yo souvan eksplwate moun ki fèb yo pandan moman kriz, alò li enpòtan pou ou okouran de magouy sa yo epi pou ou konnen kijan pou w fè pou w ka evite yo.

1. Fè atansyon ak magouy ki genyen nan vaksen an.

Yo pap janm mande w pou w fè yon depo lajan oswa bay enfòmasyon ki sou kat kredi w pou ka pran yon randevou pou vaksen an. Si yo ba w aksè davans pou vaksen an ak kondisyon fòk ou ba yo lajan, sa se yon magouy - pa gen okenn aksè davans. Y ap distribiye vaksen an pa etap bay gwooup moun ki gen plis risk pou yo ekspoze a COVID-19 la, tankou granmoun aje yo, travayè esansyèl yo, moun ki gen pwoblèm sante ki kwonik, ak plis ankò.

Kontak Enpòtan yo

- Vizite vaccinefinder.nyc.gov pou kalifikasyon pou vaksen ak sit vaksen yo.
- Vizite aq.ny.gov/complaint-forms pou fè konnen nenpòt ka fwod ki genyen nan vaksen an oswa nenpòt abi bay Pwokirè Jeneral Eta New York la (New York State Attorney General).
- Kontakte Depatman Sante Eta New York la (New York State Department of Health) si ou sisplèk gen fwod nan pwosesis distribisyon vaksen an:
 - Voye imèl bay STOPVAXFRAUD@health.ny.gov OSWA
 - Rele gratis nan 833-VAX-SCAM (833-829-7226)

2. Evite pri ki twò wo.

Pri k ap monte se yon bagay ilegal pou nenpòt atik oswa sèvis ki nesesè pou limite pwopagasyon Kowonaviris la (COVID-19).

Kontak Enpòtan yo

- Depoze yon plent avèk DCWP si ou kwè yon magazen te monte pri yon atik twò wo:
 - Sou entènèt nan on.nyc.gov/overcharge OSWA
 - Rele 311 epi di "overcharge" (pri ki twò wo).
- Vizite nyc.gov/dcwp pou jwenn plis enfòmasyon sou pri k ap monte.

3. Jwenn yon moun k ap prepare taks ou ka fè konfyans.

Menm si pifò moun k ap prepare taks yo ap bay yon sèvis ki onèt epi ki bon kalite, kèk ladan yo ka fè w fè erè nan al pran kredi oswa dediksyon ou pa gen dwa fè reklamasyon pou yo - sa a ilegal. Anplis de sa, lè yo pwomèt ou yon ranbousman ki "pi gwo" ak ki fèt "pi vit", pral gen anpil chans pou yo ogmante frè yo, epi ou pral vin pèdi ranbousman ou te genyen ak anpil difikilte a. Toujou mande moun k ap prepare taks la yon [Deklarasyon Dwa Kliyan Konsènan Pwofesyonèl ki Prepare Taks yo \(Consumer Bill of Rights Regarding Tax Preparers\)](https://www.nyc.gov/site/dcwp/taxprep/Pages/tax-prep-overview.aspx) epi byen li tout anvan ou fè yo prepare taks ou yo. Nouyòkè ki kalifye yo kapab itilize "NYC Free Tax Prep" (Preparasyon Taks Gratis Vil New York) pou jwenn sèvis ki fyab, pwofesyonèl etan sou entènèt epi pou fè depo fas-a-fas.

Kontak Enpòtan yo

- Vizite nyc.gov/TaxPrep pou aprann tout fason ou ka fè depo gratis.

Plis >

4. Detekte blofè ki nan gouvènman an.

Nenpòt apèl, imèl, oswa mesaj tèks yon moun voye ba ou kote li di li se yon ofisyèl nan gouvènman an epi li mande lajan oswa enfòmasyon pèsonèl genyen anpil chans pou se yon magouy.

Reziste ak presyon pou ou ta aji byen vit la. Ale sou sit entènèt ofisyèl ajans lan oswa rele nan nimewo ofisyèl ajans lan pou w verifye lejitimité l (si li se yon verite).

Pa Egzanp:

- Magouyè a rele pou fè kòmsi l ap travay nan Sèvis Revni Entèn lan (Internal Revenue Service, IRS) epi li mande ou pou w peye l oswa ba li enfòmasyon pèsonèl, li di w li obligatwa pou ou ka jwenn pi vit Peman Enpak Ekonomik ou a (peman estimilis). Apati 16 fevriye 2021, IRS te pibliye tout [premye ak dezyèm peman estimilis yo](#). Si ou pa t benefisyè peman an, ou ka kalifye pou Kredi Ranbousman Rekiperasyon an. Si ou te touche \$68,000 oswa mwens nan ane 2020 an, sèvi ak NYC Free Tax Prep (Preparasyon Taks Gratis Vil New York) pou fè taks ou yo gratis epi reklame Kredi Ranbousman Rekiperasyon an pou jwenn nenpòt peman estimilis ki te rate oswa ki pa t peye.
- Magouyè a fè kòmsi li se yon polisye oswa reprezantan NYPD epi li di w yo arete yon fanmi w epi ou dwe peye lajan kosyon an avèk plizyè kat kado.
- Magouyè a fè kòmsi li rele w depi nan Depatman Travay Eta New York la (New York State Department of Labor) pou li verifye enfòmasyon pèsonèl ou epi li mande w pou peye pou "pwosesis reklamasyon chomaj ou a."

5. Pwoteje idantite w.

Evite bay enfòmasyon pèsonèl nan telefòn, pa imèl, tèks, oswa sou sit rezo sosyal yo, epi pa janm klike sou lyen ou pa konnen. Kreye modpas ki long epi telechaje lojisyèl ak aplikasyon nan sous ou fè konfyans sèlman.

Kontak Enpòtan yo

- Vizite [nyc.gov/TaxPrep](#) pou aprann tout fason ou ka fè depo gratis.
- Vizite [ReportFraud.ftc.gov](#) pou rapòte yon magouy ou sispèk.

Kontak Enpòtan yo

- Vizite [identitytheft.gov](#) pou w aprann kijan pou w pwoteje enfòmasyon ou yo.
- Depoze yon plent nan [ftc.gov/idtheft](#) si ou panse ou se yon viktim vòl idantite. Ou dwe aji rapid.
- Vizite [nyc.gov/TalkMoney](#) pou aprann sou, konsèy finansye pwofesyonèl ki gratis, ki konfidansyèl. Travay ak yon Konseye Sant Otonomi Finansyè Vil New York (NYC Financial Empowerment Center counselor) pou jere lajan w.